



Social Security

Medicare



www.socialsecurity.gov

Kontakte Sekirite Sosyal

Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, www.socialsecurity.gov, se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou avantaj retrèt, andikap, ak Medicare;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Revize *Etadkont Sekirite Sosyal* ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

Rele nan nimewo gratis nou

Anplis itilizasyon sitwèb nou, ou toujou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap gen yon tan ki pi kout pou tann si ou rele pandan jou lasemèn apre madi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa si ou mal pou tande, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

Ki sa ki andedan

Medicare	4
Kisa Medicare ye?.....	4
Kimoun ki kapab resevwa Medicare?.....	5
Èd pou moun ki pa touche ase revni.....	8
Anwòlman nan Medicare	9
Chwa pou resevwa sèvis medikal yo	13
Si ou gen lòt asirans-maladi/enfimite.....	13

Medicare

Tiliv sa a ofri enfòmasyon debaz sou sa Medicare ye, kimoun ki pwoteje ak kèk lòt chwa ou genyen pou ou resevwa pwoteksyon Medicare. Pou enfòmasyon tounèf konsènan Medicare, ale nan wèbsayt la oswa rele gratis nan nimewo ki endike anba a.

Medicare

Wèbsayt: www.medicare.gov

Nimewo gratis: 1-800-MEDICARE

(1-800-633-4227)

Nimewo TTY: 1-877-486-2048

Kisa Medicare ye?

Medicare se yon pwogram asirans-maladi nou genyen nan peyi a pou moun ki gen 65 lane oswa plis. Sèten moun ki poko gen laj 65 ane kapab kalifye pou Medicare tou, tankou moun ki gen andikap yo, ensifizans renal pèmanan, oswa esklewoz lateral amyotwofik (maladi Lou Gehrig). Pwogram nan ap ede w avèk depans swen medikal, men li pa garanti tout depans medikal yo oswa depans pou pifò swen alontèm.

Medicare finanse avèk yon pòsyon taks sou pewòl travayè ak travay yo peye. Li finanse tou anpati avèk prim pa mwa ki dedwi nan chèk Sekirite Sosyal yo.

Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid se biwo ki responsab pwogram Medicare la. Men ou aplike pou Medicare nan Sekirite Sosyal, epi nou ka ba ou enfòmasyon jeneral sou pwogram Medicare.

Medicare gen kat (4) pati

- Asirans lopital (Pati A) ki ede peye pou swen pasyan ki entène lopital oswa nan mezon retrèt ki kalifye (apre sejou nan yon lopital), kèk swen medikal lakay oswa swen nan refij ospis.
- Asirans medikal (Pati B) ki ede peye pou sèvis doktè ak anpil lòt sèvis medikal ak materyèl ke asirans lopital la pa garanti.
- Medicare Advantage (Pati C) disponib anpil kote. Moun ki gen Pati Medicare A ak B ka chwazi pou yo resevwa tout sèvis swen medikal yo atravè youn nan òganizasyon founisè sa yo anba Pati C a.
- (Pati D) se yon asistans ki ede peye pou medikaman doktè preskri pou tretman.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon an detay sou sa Medicare kouvri nan *Medicare & You* (Piblikasyon nimewo CMS-10050). Pou jwenn yon kopi, rele gratis nan nimewo Medicare, **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**, oswa ale nan wèbsayt www.medicare.gov/publications. Si ou soud oswa malantandan, ou ka rele nimewo TTY nou **1-877-486-2048**.

Yon mo sou Medicaid

Ou ka panse Medicaid ak Medicare se menm bagay. Men, yo se de pwogram diferan. Medicaid se yon pwogram ki sou kontwòl leta. Li ofri pwoteksyon lopital ak medikal pou moun ki pa touche anpil lajan ak moun ki pa gen anpil resous oswa ki pa gen resous ditou. Chak eta gen pwòp règleman li konsènan moun ki elijib ak sa Medicaid kouvri. Kèk moun ranpli kondisyon pou yo resevwa Medicare ak Medicaid alafwa. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Medicaid, kontakte biwo asistans medikal lokal ou, sèvis sosyal oswa biwo asistans lokal ou.

Kimoun ki kapab resevwa Medicare?

Asirans Lopital (Pati A)

Pifò moun ki gen 65 an oswa plis ki se sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan Ozetazini elijib pou resevwa asirans lopital Medicare (Pati A) gratis. Ou elijib nan laj 65 lane si:

- Ou resevwa oswa si ou elijib pou resevwa benefis Sekirite Sosyal; oswa
- Ou resevwa oswa si ou elijib pou resevwa benefis retrèt nan konpayi ray tren; oswa
- Madanm/mari ou kalifye; oswa
- Ou menm oswa moun ki marye avèk ou (ki vivan oswa ki mouri, avèk moun ki divòse tou) t ap travay lontan ase nan yon djòb gouvènman kote yo te peye taks Medicare; oswa
- Ou se paran depandan yon timoun ki mouri epi ki te gen asirans konplè.

Si ou pa ranpli kondisyon sa yo, ou ka anmezi pou jwenn asirans lopital Medicare depi ou peye yon prim chak mwa. Anjeneral, ou ka anwole nan asirans lopital la sèlman pandan peryòd anwolman ki deziyen yo.

REMAK: *Menm si laj retrèt konplè a pa 65 lane ankò, ou ta dwe anwole nan Medicare twa (3) mwa anvan anivèsè 65 lane ou.*

Anvan laj 65 lane, ou elijib pou asirans lopital Medicare gratis si:

- Ou gen dwa pou resevwa benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal pandan 24 mwa; oswa
- W ap resevwa yon panson maladi/enfimite nan konsèy retrèt ray tren epi ou satisfè sèten kondisyon; oswa
- Si w ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal paske ou gen maladi Lou Gehrig (esklewoz lateral amyotofik); oswa
- Ou t ap travay lontan ase nan yon djòb gouvènman kote ou t ap peye taks Medicare epi ou ranpli kondisyon pwogram enfimite Sekirite Sosyal; oswa
- Ou se pitit oswa yon vèf/vèv ki gen 50 lane oswa plis, avèk tou yon vèf/vèv ki divòse avèk yon moun ki t ap travay lontan ase nan yon djòb gouvènman kote li t ap peye taks Medicare epi ou ranpli kondisyon pwogram maladi/enfimite Sekirite Sosyal.
- Ou gen ensifizans renal pèmanan epi ou ap resevwa dyaliz pou ensifizans renal oswa yon transplantasyon ren epi:
 - Ou elijib pou resevwa benefis pa mwa nan Sekirite Sosyal oswa nan retrèt nan sistèm retrèt nan konpayi ray tren; oswa
 - Ou te travay lontan ase-nan djòb gouvènman ki gen yon pwoteksyon Medicare; oswa
 - Ou se pitit oswa konjwen (avèk tou yon konjwen ki divòse) yon travayè (ki vivan oswa ki mourì) ki te travay lontan ase anba Sekirite Sosyal oswa nan yon djòb gouvènman ki gen pwoteksyon Medicare.

Asirans medikal (Pati B)

Nenpòt moun ki kalifye pou asirans Medicare gratis (Pati A) pou lopital kapab antre nan asirans medikal Medicare (Pati B) depi moun nan peye yon prim chak mwa. Kèk moun k ap resevwa avantaj la ki gen pi gwo revni ap peye yon pi gwo prim Pati B a pa

mwa. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Medicare Premiums: Rules For Higher-Income Beneficiaries (Prim Medicare: Règ pou Benefisyè ki Touche pi Gwo Revni, Biblikasyon Nimewo 05-10536, disponib nan lang Angle sèlman)*, oswa ale nan Entènèt sou sitwèb www.socialsecurity.gov/mediinfo.htm.

Si ou pa elijib pou resevwa asirans lopital gratis, ou ka achte asirans medikal, san ou pa gen pou achte asirans lopital la, si ou gen 65 lane oswa plis epi si ou se

- Yon sitwayen ameriken; oswa
- Yon moun ki pa sitwayen ameriken epi ki viv legalman Ozetazini panda omwen senk (5) dènye ane yo.

Medicare Avantaj plan (Pati C)

Si ou gen Pati A ak Pati B Medicare, ou kapab antre nan yon plan Medicare Advantage. Se konpayi prive ki gen apwobasyon Medicare ki ofri plan Medicare Advantage yo. Avèk youn nan plan sa yo, ou pa bezwen yon kontra Medigap, paske anjeneral plan Medicare Advantage yo garanti anpil nan menm avantaj yon kontra Medigap ta garanti, tankou jou anplis nan lopital apre ou te itilize kantite jou Medicare garanti yo.

Medicare avantaj plan yo enkli:

- Medicare kontrole swen plan;
- Medicare òganizasyon founisè prefere (PPO) plan;
- Medicare plan prive frè pou sèvis; ak
- Medicare espesyalite plan.

Si ou deside anwole nan yon plan Medicare Avantaj, ou ap itilize yon kat sante ke ou resevwa nan kote ki ba ou plan Medicare Avantaj la pou swen medikal ou. Epitou, ou ka gen pou peye yon prim chak mwa pou plan Medicare Advantage ou akòz benefis siplemantè li ofri.

Moun ki fèk vin gen dwa pou resevwa Medicare ta dwe antre ladan pandan premye peryòd enskripsyon an (jan sa eksplike anba seksyon Fason pou Enskri pou Medicare nan paj 9 la), oswa pandan peryòd chwa kowòdone anyèl la ant 15 oktòb ak 7 desanm chak ane. Dat ki anvigè pou enskripsyon an se 1ye janvye ane k ap vini an. Epitou ap gen peryòd enskripsyon espesyal pou kèk sitiyasyon.

Medicaare (Pati D) Plan pou medikaman a preskripsyon

Nenpòt moun ki gen asirans Medicare pou lopital (Pati A) oswa asirans medikal (Pati B) oswa yon plan Medicare Advantage (Pati C) kalifye pou garanti pou medikaman sou preskripsyon (Pati D). Ou libelibè pou antre nan yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon, epi w ap peye yon prim siplemantè chak mwa ou pwoteksyon an. Kèk moun k ap resevwa avantaj la ki gen pi gwo revni ap peye yon pi gwo prim Pati D a pa mwa. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Medicare Premiums: Rules For Higher-Income Beneficiaries (Prim Medicare: Règ pou Benefisyè k ap Touche pi Gwo Revni*, Piblikasyon Nimewo 05-10536), oswa ale nan Entènèt sou sitwèb www.socialsecurity.gov/mediinfo.htm. Ou kapab rete tann pou antre nan yon plan Pati D Medicare si ou gen lòt garanti serye pou medikaman sou preskripsyon, men, si ou pa gen garanti pou medikaman sou preskripsyon sa vle di, anmwayèn, omwen menm jan avèk garanti Medicare pou medikaman sou preskripsyon, w ap peye yon penalite si ou rete tann pou antre nan plan an pita. W ap gen pou peye penalite sa a depi ou gen garanti Medicare pou medikaman sou preskripsyon.

Moun ki vin fèk gen dwa pou Medicare ta dwe antre ladan pandan premye peryòd enskripsiyan an (jan sa eksplike anba seksyon Fason pou Enskri pou Medicare nan paj 9 la). Apre premye peryòd enskripsiyan an, peryòd chwa kowòdone anyèl pou enskri oswa pou fè chanjman founisè swen sante se 15 oktòb – 7 desanm chak ane. Dat ki anvigè pou enskripsiyan an se 1ye janvye ane k ap vini an. Epitou ap gen peryòd enskripsiyan espesyal pou kèk sitiayson.

Èd pou moun ki pa touche ase revni

Si ou pa gen mwayen pou peye pou prim Medicare ou ak lòt frè medikal yo, ou ka anmezi pou jwenn èd nan eta kote w ap viv la. Eta yo ofri pwogram pou moun ki gen dwa pou Medicare ak pou moun ki pa touche ase revni. Pwogram yo ka peye kèk oswa tout prim Medicare yo, epitou yo ka peye franchiz ak ko-asirans Medicare. Pou kalifye, ou dwe gen Pati A (asirans lopital), epi ou dwe gen revni ak resous limite.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Entènèt sou pwogram sa yo nan sitwèb Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid. Ale sou sitwèb www.medicare.gov/publications, epi mande *Get help with your Medicare costs (Jwenn èd pou peye frè Medicare ou)*, Piblikasyon Nimewo CMS-10126.

Se sèlman eta kote w ap viv la ki ka deside si ou kalifye pou resevwa èd nan pwogram sa yo. Pou chèche konnen sa, kontakte ajans asistans medikal eta kote w ap viv la oswa zòn ou (Medicaid), biwo sèvis sosyal oswa biwo asistans sosyal.

Ou ka anmezi tou pou resevwa èd siplemantè pou peye franchiz anyèl yo, prim ak kopeman ou chak mwa ki asosye avèk pwogram Medicare pou medikaman sou preskripsyon (Pati D). Ou ka ranpli kondi-syon pou jwenn èd siplemantè si ou pa touche ase revni (selon nivo federal povrete) epi si ou gen resous limite. Anjeneral, limit revni ak resous sa yo chanje chak ane, epi ou kapab kontakte nou pou konnen dènye chif yo.

Ou kalifye otomatikman, epi ou pa bezwen aplike pou èd siplemantè si ou gen Medicare epi si ou satisfè youn nan kondisyon ki endike anba la yo:

- Ou gen Medicaid avèk garanti pou medikaman sou preskripsyon;
- W ap resevwa peman Revni Sekirite Anplis (SSI); oswa
- W ap patisipe nan pwogram eta ki peye prim Medicare yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn èd pou peye frè medikaman sou preskripsyon ou, rele nimewo Sekirite Sosyal gratis, oswa ale sou Entènèt nan sitwèb nou an. Ou ka aplike tou sou Entènèt nan sitwèb Sekirite Sosyal.

Anwòlman nan Medicare

Kilè mwen ta dwe aplike?

Si ou déjà ap resevwa avantaj retrèt oswa avantaj andikap Sekirite Sosyal oswa chèk retrèt nan che-mennfè, n ap kontakte ou nan kèk mwa anvan ou vin kalifye pou Medicare, epi n ap ba ou enfòmasyon ou bezwen yo. Si w ap viv nan youn nan 50 eta yo oswa nan Washington, D.C., w ap antre nan Pati A ak B Medicare otomatikman. Men, paske ou dwe peye yon prim pou pwoteksyon Pati B a, ou gen chwa pou refize li.

NÒT: Moun k ap viv nan Pòtoriko oswa nan peyi etranje yo p ap resevwa Pati B a otomatikman. Yo dwe chwazi avantaj sa a.

Si ou pokou ap resevwa benefis retrèt, ou ta dwe kontakte nou apeprè nan twa (3) mwa anvan anivèsè 65 lane ou pou anwole nan Medicare. Ou ka anwole nan Medicare menm si ou pa planifye pou pran retrèt ou lè ou gen 65 lane. Depi ou fin anwole nan Medicare, ou ap resevwa yon kat Medicare ki gen koulè wouj, blan ak ble k ap montre si ou gen Pati A, Pati B oswa toulède. Mete kat ou yon kote ki an sekirite pou ou ka jwenn li lè ou bezwen li. Si kat ou ta pèdi oswa si yo ta vòlè li, ou ka aplike pou yon kat ranplasman sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov oswa rele Sekirite Sosyal nan nimewo gratis la. Ou ap resevwa tou yon Medicare & You (Piblikasyon nimewo CMS-10050), yon ti liv enfòmasyon ki dekri benefis Medicare ou avèk plan Medicare ou yo.

Sitiyasyon pou anwolman espesyal

Ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal tou konsènan aplikasyon pou Medicare si:

- Ou se yon vèf oswa yon vèv enfim ki gen ant 50 ak 65 lane, men ki pa aplike pou benefis enfimite paske ou deja ap resevwa yon lòt kalite benefis Sekirite Sosyal;
- Ou se yon anplwaye gouvènman epi ou te vin enfim anvan ou te gen 65 lane;
- Ou menm, konjwen ou oswa ptit depandan ou gen ensifizans renal pèmanan;
- Ou te gen asirans medikal Medicare lontan men ou te retire sispann li; oswa
- Ou te refize asirans medical Medicare pati B lè ou te vin gen dwa pou resevwa asirans lopital (Pati A).

Premye peryòd anwolman pou Pati B

Lè w te fèk vin elijib pou resevwa asirans lopital (Pati A), ou gen yon peryòd sèt (7) mwa (premye peryòd anwolman ou) kote pou anwole nan asirans medikal la (Pati B). Yon reta ou pran ap lakòz yon reta nan asirans la epi sa lakòz tou ou peye plis prim. Si ou elijib lèou gen 65 lane, premye peryòd anwolman ou kòmanse twa (3) mwa anvan anivèsè 65 kan ou, sa gen ladan mwa ou gen 65 lane a epi li fini

mwa apre anivèsè nesans ou. Si ou elijib pou Medicare akòz enfimite ou oswa ensifizans renal pèmanan ou, premye peryòd anwolman ou ap depannde date enfimite oswa tretman ou te kòmanse.

Kilè anwolman mwen nan Pati B ap anvigè?

Si w aksepte anwolman otomatik nan Medicare Pat B, oswa si ou anwole nan Pati B Medicare pandan twa (3) premye mwa premye peryòd anwolman ou, pwoteksyon asirans medikal ou ap kòmanse nan mwa ou fèk elijib la. Si ou anwole pandan kat (4) dènye mwa yo, pwoteksyon ou ap kòmanse apatide yon mwa jiska twa (3) mwa yo apre ou fin anwole.

Tablo ki anba a montre lè Pati B Medicare ou vin anvigè:

Si ou antre nan plan an nan mwa sa a apre premye peryòd enskripsyon ou:	Lè sa a pwoteksyon Pati B Medicare ou ap kòmanse:
Youn a twa mwa anvan ou vin gen laj 65 ane	Mwa ou gen laj 65 ane a
Mwa ou gen laj 65 ane a	Yon mwa apre mwa ou vin gen laj 65 ane
Yon mwa apre ou vin gen laj 65 ane	De mwa apre mwa enskripsyon an
De a twa mwa apre ou vin gen laj 65 ane	Twa mwa apre mwa enskripsyon an

Peryòd anwolman jeneral pou Pati B

Si ou pa antre nan Pati B Medicare pandan premye peryòd enskripsyon an, ou gen yon lòt chans chak ane pou enskri pandan yon "peryòd enskripsyon jeneral" ant 1ye janvye ak 31 mas. Pwoteksyon ou kòmanse lye jiye ane ou enskri a. Men, ap gen yon ogmantasyon 10 poustan sou prim chak mwa ou pou chak peryòd 12 mwa ou te kalifye pou li, men ou pa t antre nan Pati B Medicare.

Peryòd enskripsyon espesyal pou moun k ap sòti nan Pati C

Si ou gen yon plan Medicare Advantage (Pati C), ou kapab sòti nan plan ou epi chanje pou pran yon Medicare orijinal ant 1ye janvye ak 14 fevriye. Si ou itilize chwa sa a, ou gen jiska 14 fevriye tou pou

antre nan yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon. Pwoteksyon ou ap kòmanse premye jou mwa a apre plan an resevwa fòm enskripsiyan ou.

Peryòd espesyal anwolman pou moun ki gen pwoteksyon nan yon plan asirans angwoup nan travay yo

Si w gen 65 lane oswa plis epi ou gen pwoteksyon nan yon plan medikal angwoup, swa nan travay ou oswa nan travay konjwen ou, ou gen yon "peryòd espesyal anwolman" kote w ap anwole nan Pati B Medicare. Sa vle di ou ka retade anwolman an nan Pati B Medicare san w pa gen pou tann yon peryòd anwolman jeneral epi san w pa gen pou peye 10 poustan anplis pou anwolman anreta. Règ sa yo pèmèt ou:

- Anwole nan Pati B Medicare nenpòt kilè pandan ou gen pwoteksyon nan plan medikal angwoup la baze nan djòb ou genyen; oswa
- Antre nan Pati B Medicare pandan peryòd uityèm mwa ki kòmanse apre dènye mwa pwoteksyon sante an gwoup ou fini, oswa apre mwa travay ou fini—kèlkeswa sa ki vini anvan an.

Règ peryòd anwolman espesyal la pa anvigè si pwoteksyon plan medikal travay la oswa pwoteksyon plan medikal travay la ofri a fini pandan premye peryòd anwolman an.

Si ou enskri pandan nenpòt rès sèt (7) mwa "peryòd enskripsiyan espesyal," pwoteksyon Pati B Medicare ou ap kòmanse nan premye jou mwa apre a. Si ou pa enskri nan fen peryòd uit (8) mwa yo, w ap gen pou rete tann jouk lè peryòd enskripsiyan jeneral la, k ap kòmanse lye janvye chak ane. Ou ka gen pou peye yon pi gwo prim tou, jan sa dekri anvan an.

Moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal pou maladi/enfimite epi ki gen pwoteksyon nan yon plan medikal angwoup oswa nan travay yo oubyen nan travay fanmi yo gen yon peryòd espesyal anwolman tou ak dwa pou prim ki sanble ak pa travayè ki gen 65 kan oswa plis.

Chwa pou resevwa sèvis medikal yo

Moun k ap resevwa benefis Medicare kapab gen chwa pou yo resevwa sèvis swen medikal tou.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou chwa swen medikal nan piblikasyon sa yo:

- *Medicare & You* (Piblikasyon nimewo CMS-10050)—Nou voye gid jeneral sa a pa lapòs pou moun yo apre yo fin anwole nan Medicare epi nou voye yon vèsyon ki ajou chak ane apre sa.
- *Choosing a Medigap Policy: A Guide to Health Insurance for People with Medicare* (Piblikasyon nimewo CMS-02110)—Gid sa a dekri fason lòt plan asirans medikal yo konplete Medicare epi li ofri kèk sijesyon anwolman pou moun k ap gade plan sa yo.

Pou jwenn yon kopi piblikasyon sa yo, rele Medicare gratis nan nimewo **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**, oswa ale nan wèbsayt www.medicare.gov/publications. Si ou soud oswa ou tande di, ou ka rele TTY **1-877-486-2048**.

Si ou gen lòt asirans-maladi/enfimite

Si ou gen lòt asirans-maladi/enfimite asirans lopital Medicare gratis pou prèske tout moun, men ou ap peye yon prim chak mwa pou asirans medikal la. Si ou déjà gen lòt asirans-maladi/enfimite lè ou vin elijib pou Medicare, èske li vo depans prim chak mwa a pou anwole nan asirans medikal Medicare?

Repons lan pa menm avèk chak moun ak kalite lòt asirans sante ou ka genyen an. Menmsi nou pa kapab ba ou respons "wi" oswa "non", nou kapab ba ou enfòmasyon ki ka itil lè ou pran desizyon ou.

Si w gen yon plan asirans prive

Kontakte ajan asirans ou pou wè fason plan prive ou adapte avèk asirans medikal Medicare. Sa empòtan sitou si ou gen manm fanmi ou ki pwoteje nan menm kontra asirans lan. Epitou sonje, menm jan Medicare pa garanti tout sèvis medikal, pifò plan medikal prive pa fè sa nonplis. Nan planifye pwoteksyon asirans-maladi ou, sonje pifò swen yo ofri nan mezon retrèt yo pa garanti nan kontra Medicare oswa nan kontra asirans maladi prive yo. Men yon prekosyon ki

enpòtan: pou pwòp pwoteksyon ou, pa sòti nan okenn asirans-maladi ou genyen kounye a tout tan pwoteksyon Medicare ou poko kòmanse.

Si ou gen asirans nan plan medikal angwoup travay ou ofri

Lalwa mande pou gen plan medikal an group nan travay ki gen 20 anplwaye oswa plis pou ofri travayè yo ak konjwen (moun ki marye) ki gen 65 lane (oswa plis) menm benefis medikal ki ofri pou anplwaye ki pi jèn yo.

Si ou gen pwoteksyon nan plan medikal an gwoup ki ofri nan travay ou, ou ta dwe pale avèk biwo sèvis pèsonèl travay ou anvan ou anwole pou asirans medikal Medicare.

Si ou gen pwoteksyon swen medikal nan lòt plan

Si w gen pwoteksyon nan yon pwogram Depatman Ladefans, benefis medikal ou yo ka chanje oswa fini lè ou vin elijib pou resevwa Medicare. Ou ta dwe kontakte Depatman Ladefans oswa yon konseye benefis medikal militè pou jwenn enfòmasyon anvan ou deside si pou ou anwole nan asirans medikal Medicare.

Si ou gen pwoteksyon swen medikal nan Indian Health Service (Sèvis Medikal Endyen), Department of Veterans Affairs (Depatman ki regle Afè Veteran) oswa pwogram asistans medikal leta, kontakte anplwaye ki nan biwo sa yo pou yo ka ede ou deside si l ap nan avantaj ou pou gen asirans medikal Medicare.

Pou plis enfòmasyon sou fason lòt plan asirans-maladi/enfimite yo fonksyone, rele Medicare gratis nan nimewo **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**, epi mande pou *Medicare and Other Health Benefits: Your Guide to Who Pays First* (Piblikasyon nimewo CMS-02179) oswa ale nan wèbsayt www.medicare.gov/publications. Si ou soud oswa tande di ou ka rele nan nimewo TTY **1-877-486-2048**.

www.socialsecurity.gov



Social Security Administration
Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10043-HC
Medicare (Haitian-Creole)
July 2012